

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun Horatius dina Wellek & Warren (1995, kc.25), karya sastra miboga sipat *dulce et utile*, hartina pikaresepeun jeung mangpaat. Sakabéh carita rékaan miboga sasaruuan jeung kahirupan lantaran mangrupa titiron tina kahirupan atawa bahan-bahanna dicokot tina pangalaman hirup. Leuwih jéntré, Wellek jeung Warren ngébréhkeun opat pungsi sastra anu ngawengku: (1) sastra bisa ngagantikeun pangalaman langsung, (2) sastra bisa dipaké ku sajarawan minangka dokumén sosial, (3) sastra minangka hiji sumber pangaweruh, jeung (4) sastra dijerona nyangkaruk unsur-unsur psikologis. Leuwih jéntré Sudjiman (1988, kc.15) nétélakeun, yén di dunya rékaan ogé medar naon anu disebut *Scholes an "imitation" of life* (konsépsi mimésis). Lantaran sastra mangrupa hiji konsépsi mimémis, anu maca kadituna bakal leuwih paham kana pasualan-pasualan kahirupan. Ku kituna, karya sastra anu hadé méré bekel anu mangpaat pikeun kahirupan anu maca kahareupna.

Nalika maca hiji karya sastra, unggal jalma tangtu miboga tujuan anu béda-béda. Aya jalma anu maca karya sastra ngan saukur pikeun hiburan jeung ngeusi waktu kosong. Aya ogé jalma anu maca karya sastra pikeun meunangkeun pangaweruh anu bisa méré pangalaman anyar, sarta bisa mekelan dirina ku ajén inajén sarta kearifan budaya lokal anu kawéntar ku istilah étnopédagogi.

Alwasilah (2009, kc. 51) nétélakeun yén étnopedagogi nyawang pangaweruh jeung kaaripan lokal (*local knowledge, local wisdom*) salaku sumber *inovasi* jeung kamahér nu bisa dimekarkeun pikeun karaharjaan jalma réa. Kaaripan lokal mangrupa kumpulan pakta, konsép, kapercayaan, jeung *persépsi* masarakat kana dunya sabudeureunana. Ieu hal ngawengku cara nalungtik jeung ngukur alam sabudeureun, ngaréngsékeun pasualan, jeung *ngavalidasi* informasi. Singgetna, kaaripan lokal mangrupa hiji prosés hubungan jeung pangaweruh nu dihasilkeun, disimpen, dilarapkeun, diolah, jeung diwariskeun.

Kearifan lokal bisa dijadikeun salaku sumber penting dina ngawangun nonoman harepan bangsa anu miboga karakter. Pangwangunan karakter hartina ngajarkeun *kearifan* lokal ka para nonoman. Salasahijina nya éta ngaliwatan carita Babad. Nurutkeun Iskandarwassid (1992, kc. 19), babad mangrupa carita wanda heubeul anu medar riwayat luhur atawa kajadian-kajadian penting jaman baheula di salasahiji daérah, biasana ti mimiti ngabedah (muka) éta wewengkon.

Loba pisan *versi* carita anu ngadadarkeun perkara “Sajarah Cikundul”, tapi tina sawatara carita éta, teu saeutik anu béda dina perkara nyebutkeun palakuna, galurna, jeung latarna. Ku lantaran loba pisan *versina*, tangtu aya anu jadi *hipogram* jeung aya anu jadi téks *transformasina*. Éta hal bakal katitén saupama dilakukeun panalungtikan anu nyoko kana pamarekan intertékstual. Intertékstual nya éta patali marga antara téks anu kahiji jeung téks séjén anu aya sapandeurieunana. Ayana sasaran jeung bédana anu katitén tina éta dua téks anu lahir béda taun, nu ngarang, jeung wandana.

Babad kaasup salsahiji karya sastra anu bisa ditilik tina sagala aspék. Ngingetkeun yén babad bisa disusun dina wangun puisi jeung prosa. Babad moal bisa dilenyepan sagemblengna lamun henteu mikanyaho jeung sadar yén babad mangrupa karya éstétis anu miboga ma’na jeung mibanda harti, lain mangrupa hal anu kosong tanpa ma’na.

Panalungtikan ngeunaan Sajarah Cikundul tinangtu geus réa pisan, utamana dina wangun skripsi jeung makalah seminar anu diantarana waé:

1. *Wawacan “Sajarah Cikundul” dalam Tinjauan Étnopédagogi*, dipidangkeun dina Forum Ilmiah X dan Lokakarya Internasional ku Sri Nurbaeti ping 19-20 November 2014 di FPBS UPI Bandung.
2. *Representasi Wanita Sunda Dalam Cerita Apun Gencay: Analisis Intertekstual dan Stilistika*, ku Sri Nurbaeti anu dipidangkeun dina Seminar Sastra, Bahasa, dan Budaya dalam Media Massa dan Media Sosial ping 01-02 Desember 2014 di Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat.
3. *Sajarah Cikundul: Kajian Sejarah dan Nilai Budaya* ku Drs. Yuzar Purnama, Spk. di Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Jakarta.

Panalungtikan ngeunaan “Sajarah Cikundul” loba pisan kauntunganna saupama dilaksanakeun. Diantarana bakal mikanyaho mana anu jadi hipogram tina “Sajarah Cikundul”, bakal nimukeun rupaning ajén atikan anu nyangkaruk dijerona, bisa ngawanohkeun karuhun Cianjur ka para nonoman, sarta ngamumulé jeung numuwuhkeun kareueus masarakat Cianjur kana *kearifan* budaya lokalna. Utamana kana babad anu mangrupa milik sakumna masarakat Cianjur.

“Sajarah Cikundul” miboga sipat *istiméwa* saupama dibandingkeun jeung babad-babad séjén. “Sajarah Cikundul” raket patalina jeung kaahéngan bangsa lelembut anu dipercaya ku sakumna masarakat Cianjur. Sok sanajan kitu, masih kénéh loba masarakat Cianjur anu teu nyaho kana sajarah ngadegna wewengkon Cianjur jeung loba masarakat anu bingung kana ngaran-ngaran dalem Cianjur atawa karuhun Cianjur. Ku lantaran ayana kasalahan persépsi masarakat ti mangsa baheula. Ku kituna, perlu aya hiji panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan intertékstul.

Materi babad kaunggel dina SKKD kelas XI sarta KIKD kelas X. Dina eusina nyangkaruk ajén-inajén, atikan budaya, sarta hal-hal séjén anu bisa dimangpaatkeun pikeun kahirupan sosial. Ku lantaran minangka hiji tradisi anu mibanda kearifan, babad kudu direvitalisasi pikeun diajarkeun ka para nonoman harepan bangsa enggoning nyiptakeun *kedamaian* jeung *kasejahteraan* kahirupan mangsa anu bakal datang.

Dina naskah akademik Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa (Suyanto dina Sibarani, 2012:142) Kementrian Pendidikan Nasional geus ngarumuskeun ajén karakter anu kudu diterapkeun ka siswa jeung para nonoman bangsa, anu ngawengku: 1) *réligius*, 2) *jujur*, 3) *toléransi*, 4) *disiplin*, 5) *kerja keras*, 6) *kréatif*, 7) *mandiri*, 8) *démokratis*, 9) *rasa ingin tahu*, 10) *semangat kebangsaan*, 11) *inta tanah air*, 12) *menghargai préstasi*, 13) *bersahabat/kréatif*, 14) *cinta damai*, 15) *gemar membaca*, 16) *peduli lingkungan*, 17) *peduli sosial*, jeung 18) *tanggungjawab*. Anu saterusna dikelompokeun jadi opat konfigurasi karakter dumasar kontéks prosés psikososial jeung sosiokultural, nya éta 1) olah haté (*spiritual and emotional development*), 2) olah pikir (*intellectual*

development) 3) olah raga jeung kinéstétik (*physical and kinesthetic development*), jeung olah rasa jeung karsa (*affective and creativity development*).

Ku kituna, perlu ayana panalungtikan kana “Sajarah Cikundul” sacara leuwih gembheng. Dumasar kana éta hal, nu nyusun nyokot judul “Transformasi Sajarah Cikundul (Tilikan Intertékstual Jeung Étnopédagogik Kana Wawacan “*Sajarah Cikundul*” Jeung Kumpulan Carpon *Jajatén Ninggang Papastén*)”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

1. Komparasi téks pikeun maluruh bédana unsur-unsur intrinsik antara wawacan “Sajarah Cikundul” jeung kumpulan carpon *Jajatén Ninggang Papastén*.
2. Prosés transformasi “Sajarah Cikundul”, tina wawacan kana carita pondok.
3. Ajén-ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina wawacan “Sajarah Cikundul” jeung kumpulan carpon *Jajatén Ninggang Papastén*.

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku kana tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nambahan référénsi kajian sastra Sunda utamana dina wanda babad.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

1. Komparasi téks pikeun maluruh bédana unsur-unsur intrinsik antara wawacan “Sajarah Cikundul” jeung carpon *Jajatén Ninggang Papastén*.
2. Prosés transformasi “Sajarah Cikundul”, tina wawacan kana carita pondok.
3. Ajén-ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina wawacan “Sajarah Cikundul” jeung kumpulan carpon carpon *Jajatén Ninggang Papastén*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa:

1. Ngabeungharan pangaweruh perkara ulikan sastra Sunda, utamana dina wengkuan tiori-tiori struktur fiksi, intertékstual, jeung kajian etnopedagogi.
2. Aplikasi ulikan sastra pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis, diantaranya:

1. Pikeun Panalungtik

Nambahan pangalaman dina prosés panalungtikan sastra, utamana dina karya sastra wangun babad

1. Pikeun Pangajaran

Nambahan pangdeudeul ulikan, utamana ulikan babad jeung carita pondok dina pangajaran aprésiasi sastra.

2. Pikeun Sakola

Ku ayana panalungtikan ieu, dipiharep bisa nambahan référénsi kajian, utamana dina pangajaran sastra di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku genep bab, anu sistematikana ieu di handap:

Bab I Bubuka

Dina Bab I didéskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis), sarta raraga tulisan dina ieu tesis.

Bab II Kajian Pustaka

Dina ieu bab baris dipedar sawatara konsép dasar anu raket patalina jeung babad, wawacan, pupuh, carita pondok sarta kamekaranna, téori fiksi Robert Stanton, intertékstual, prosés transformasi sastra, jeung étnopédagogik.

Bab III Métopologi Panalungtikan

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métopologi panalungtikan nu ngawengku: (1) desain panalungtikan, (2) prosédur panalungtikan, (3) sumber data panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, jeung (6) téhnik analisis data.

Bab IV Deskripsi Analisis Hasil Panalungtikan

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: 1) transformasi “Sajarah Cikundul”, 2) data struktur wawacan jeung carita pondok, anu ngawengku (1) data struktur wawacan, (2) data struktur carita pondok, jeung (3) data unsur étnopédagogik; 3) wawacan sajarah cianjur anu ngawengku (1) ringkesan carita wsc, (2) analisis struktur wsc, (3) téma, (4) sarana, jeung (5) fakta carita; 4) carita pondok jajaténinggang papastén anu ngawengku: (1) ringkesan carita CPPJ jeung CPAG, (2) analisis struktur WSC, (3) téma, (4) sarana, jeung (5) fakta carita; 5) analisis intertékstual anu ngawengku: (1) épisode I: Radén Arya Wiratanu I, (2) épisode II: Radén Arya Wiratanu III, (3) transformasi téma, (4) transformasi palaku, jeung (5) transformasi latar; 6) analisis étnopédagogik anu ngawengku: (1) pengkuh agamana, (2) luhung élmunana, (3) jembar budayana, jeung rancagé gawéna.

Bab V Kacindekan Jeung Saran

Dina Bab V didésripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.